# Egzamen leta a k amenajman pou moun k ap aprann anglè

Chak prentan, elèv yo pase egzamen Leta Nouyòk yo nan plizyè matyè diferan. Elèv yo pase egzamen sa
yo nan lekòl kote yo enskri a.

## Ki egzamen yo bay elèv yo fè nan eta Nouyòk ?

| | |
|---|---|
| Kindègadèn jiska 12yèm ane: | Elèv k ap aprann anglè (ELL selon sig anglè a) dwe pase Egzamen Anglè kòm Dezyèm Lang pou Eta Nouyòk la (NYSESLAT selon sig anglè a). |
| 3yèm ane jiska 8yèm ane: | Tout èlev gen pou pase egzamen anglè ak matematik Eta Nouyòk yo. |
| 5yèm ak 8yèm ane: | Tout elèv gen pou pase egzamen lasyans Eta Nouyòk la. |
| Ayskoul (9yèm jiska 12yèm ane): | Elèv yo dwe pase ak reyisi 4 oswa 5 egzamen Regents Nouyòk yo pou yo ka gradye nan lekòl segondè. Yo bay egzamen nan matyè tankou anglè, matematik, lasyans ak syans sosyal. Ou ka li plis enfòmasyon sou fich enfòmasyon nou an, ki rele Politik Pwomos ELL yo pa obl yo nan peyi Etazini an. |

Dat egzak yo chanje de yon ane ak yon lòt. Dat pou egzamen yo disponib nan sitwèb Depatman Edikasyon Leta Nouyòk la.

## Èske elèv k ap aprann anglè yo kapab resevwa amenajman pou egzamen?

Wi, ELL yo gen dwa resevwa amenajman pou egzamen yo paske yo pòko pale anglè byen. Ansyen ELL yo gen dwa resevwa amenajman tou jiska de (2) zan aprè yo fin pa genyen dezinyasyon ELL la ankò.

Note byen : ELL yo pa gen dwa resevwa amenajman pou egzamen NYSESLAT la paske objektif egzamen sa a se pou evalye kapasite anglè elèv la.

## Ki amenajman ELL yo ka resevwa pou egzamen?

Gen plizyè kalite amenajman diferan ke ELL yo gen dwa resevwa. Men kèk egzanp komen:

- Plis tan (pa egzanp, si yon egzamen sipoze dire 1èdtan, yon ELL gen dwa pran jiska 1,5 èdtan sou egzamen an)
- Yo ka pase egzamen yo nan yon lòt sit
- Yo ka itilize diksyonè oswa gid bileng yo
- Yo ka resevwa yon tradiksyon ekri de egzamen an
- Pou lang ki pa gen tradiksyon ekri disponib, yo ka resevwa tradiksyon oral de egzamen an.

## Kòman mwen ka mande yon amenajman?

Nan kòmansman ane lekòl la, pèsonèl lekòl la ta dwe detèminen ki amenajman ki te ka ede pitit ou a pi plis. Si w panse pitit ou a gen dwa twouve amenajman pou egzamen itil oubyen si w gen kesyon konsènan amenajman pitit ou a ap resevwa yo, tanpri pale ak anseyan pwofesè pitit ou a.

## Ki egzamen leta ki disponib nan lòt lang ?

- Egzamen matematik la pou 3yèm jiska 8yèm ane yo disponib nan lang arab, Bengali, chinwa (senplifye), chinwa (tradisyonèl), kreyòl ayisyen, koreyen, ak espanyòl.
- Egzamen lasyans pou 5yèm ak 8yèm ane yo disponib nan lang arab, Bengali, chinwa (senplifye), chinwa (tradisyonèl), kreyòl ayisyen, koreyen, ris ak panyòl.
- Egzamen Regents yo nan matyè matematik, lasyans ak syans sosyal yo disponib nan lang arab, Bengali, chinwa (senplifye), chinwa (tradisyonèl), kreyòl ayisyen, koreyen, ris ak